

N'ap Debat – We're Hangin' On
Haitian Creole - English Poetic Translation

**Woy! Alon doulè rèd'o!
Alon doulè rèd'o!
Mezanmi, woy!**

*Oh! What an unbearable pain!
Oh, gracious God!
What an unbearable sorrow!*

**Twazièm son fenk sonnen nan Legliz Katedral;
Solèy kouche lontan dèyè Mòn Lopital...
Lanati dechennen met tout moun anba kòd.
Gro kolòn, ti pote tounen pousiè ak sann.
Jezi, Mari, Josèf... Gras' a Mizerikòd...**

*The third bell of the Cathedral just rang;
The sun set long ago behind Mount Lopital...
Mother Nature derailed, straining everyone to misery.
Large structures and small rafts have turned to dust and ashes.
Jesus, Marie, and Joseph... Grace and Mercy...*

**Lanati dechennen met tout moun anba kòd.
Nou wè, nou pa konprann,
Sa rive sanzantann.
Latè tranble!
Latè tranble pi rèd pase fèy nan savann.**

*Mother Nature derailed, straining everyone to misery.
We see, but we don't understand,
It happened so suddenly.
The earth trembled!
The earth shook harder than a desert's leaf.*

**Anmwe! Anmwe! Sekou souple!
Nan pwèn bouch pou pale...**

*Help! Help! Rescue me, I beg you!
I'm at a loss for words...*

***Dies irae, dies illa;
Requiem aeternam dona eis, Domine.***

*Dies irae, dies illa; (Day of wrath, day of anger)
Requiem aeternam dona eis, Domine.
(Grant them eternal rest, Lord.)*

**Ayiti! Ayiti! Alon doulè rèd'o,
Mare senti'w sere.
Ayiti! Ayiti! Ou se yon fanm vanyan,
Kenbe la, pa lage...**

*Haiti! Haiti! What an unbearable pain,
Tighten your belt.
Haiti! Haiti! You are a valiant woman,
Hang in there, don't give up...*

Legetè toupatou mande: "Kouman ou ye?"

Rubbernecks from everywhere ask: "How's it going?"

***N'ap debat, n'ap debat,
N'ap debat gras' a Die.***

*"We're hangin'on, we're hangin'on,
We're hangin'on by the grace of God.*

***Mwen se rozo banbou nan chimen chwal malen;
Ou mèt wè'm plat atè,
Yon lòt moman, m'an lè.***

*I am a bent reed that does not break;
Things may be awful today,
But tomorrow I will shine.*

***Rete tann zanmi mwen,
M'ap vin pi bèl demen.***

*Wait and see, my friend,
Tomorrow I will shine."*

**Atansyon Legetè!
Pa pran chans Magouyé!
An verite twa fwa,
Ayiti pap peri!**

*Beware, Rubbernecks!
Don't even try, schemers!
I swear to you,
Haiti will not perish!*